

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Sugiyono (2018, kc.109) nétélakeun yén desain panalungtikan nya éta prosés anu diperlukeun dina ngarancang sarta ngalaksanakeun panalungtikan. Panalungtikan ieu ngagunakeun pamarekan kuantitatif kalawan métode kuasi ékspérimen. Métodé kuasi ékspérimén atawa disebut ogé ékspérimén semu lantaran masih aya variabel luar anu ngaruh kana wangun variabel dependen. Jadi hasil eksperimen anu mangrupikeun variabel dependen éta lantaran lain dipangaruhan ku variabel independen, ngagunakeun kelas ékspérimén kalawan henteu maké kelas kontrol.

Nurutkeun Sugiyono (2018, kc. 108) métode kuasi ékspérimén dibagi jadi tilu, nya éta: 1) *One-Shot Case Study*; 2) *One-Group Pretest-Posttest Design*; 3) *Intact-Group Comparison*. Métode kuasi ékspérimén magrupa hiji métode panalungtikan anu kawilang produktif lantaran digunakeun pikeun ngajawab hipotésis anu geus dirimuskeun.

Desain panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan dumasar kana pamarekan jeung métode panalungtikan nyaéta *One-Group Pratest-Posttest Design*. Dina desain panalungtikan ieu, kelompok ékspérimén dibéré tés nulis téks biantara (*pra-test*), tuluy diajar nulis téks biantara ngagunakeun téhnik *Complete Sentence (treatment)*, dipungkas ku tést sanggeus dibéré treatment (*post-test*). Nuurutkeun Sugiyono (2018, kc. 110) desainna saperti bagan dihandap ieu.

<i>Pratest</i>	<i>Treatment</i>	<i>Posttest</i>
O_1	X	O_2

Gambar 3. 1
One-Group Pretest-Posttest Desain Panalungtikan

Keterangan:

O_1 = *pratest* (tés awal saméméh perlakuan)

x = *treatment* (diajar nulis téks biantara ngagunakeun modél *Complete Sentence*)

O_2 = *post-test* (tés akhir sanggeus ngagunakeun model *Complete Sentence*)

Luyu jeung tujuan panalungtikan, desain panalungtikan ieu digunakeun pikeun ngukur modél pangajaran *Complete Sentence* dina nulis téks biantara siswa kelas XI IPA 1 SMAN 24 Bandung Taun Ajaran 2018/2019.

3.2 Subjék Panalungtikan

Subjék dina ieu panalungtikan nya éta siswa siswa kelas XI IPA 1 SMAN 24 Bandung Taun Ajaran 2018/2019.

3.3 Sumber Data

Sumber data nyaéta sakabéh subjék anu ditalungtik. Data dina ieu panalungtikan nya éta hasil kamampuh nulis dina matéri pangajaran nulis téks biantara siswa kelas XI IPA 1 SMAN 24 Bandung Taun Ajaran 2018/2019 anu jumlahna 36 siswa, ngawengku 18 lalaki jeung 18 awéwé. Sumber datana digambarkeun dina tabél ieu di handap. Lantaran nalika dina prosés panalungtikan aya 5 urang anu aya kagiatan O2SN, ku kituna siswa anu jadi sumber data aya 31.

Tabel 3. 1
Data siswa SMAN 24 Bandung.

<i>Kelas</i>	<i>Jenis Kelamin</i>	<i>Jumlah</i>
XI IPA 1	Lalaki	15 siswa
	Awéwé	16 siswa
Jumlah		31 siswa

3.4 Instrumén Panalungtikan

Nuurutkeun Sugiyono (2018, kc. 147) instrumén panalungtikan nyaéta hiji alat anu digunakeun pikeun rupa-rupa kajadian, boh kajadian alam boh kajadian sosial nu dititénan. Eta kajadian sacara spésifik disebut variable panalungtikan. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tés tulis.

Tés aya dua rupa, nu kahiji nyaéta *pra-test* anu minangka tés kamampuh awal siswa dina nulis téks biantara saméméh digunakeunna modél *Complete Sentence*. Tés nu kadua nyaéta *post-test* anu minangka tés kamampuh akhir siswa dina nulis téks biantara sanggeus digunakeun modél *Complete Sentence*. Tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis téks biantara.

Pikeun *pra-test* siswa diperedih nulis téks biantara kalawan témana bébas. Sedengkeun *post-test*, masing-masing siswa diperedih nulis téks biantara kalawan téma anu geus ditangtukeun pikeun unggal kelompokna. Anu bakal dipeunteun dina nulis téks biantara siswa aya opat aspék, nya éta.

- a) Éjahan;
- b) Eui téks biantara
- c) Struktur téks biantara; jeung
- d) Karapihan tlisan.

Instrumén panalunntikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan bisa dititénan saperti ieu di handap.

1. Tés

Tés nu ka hiji *pretest* nya éta ngukur kamampuh siswa saméméh ngagunakeun modél *Complete sentence*.

TÉS NULIS TÉKS BIANBARA	
Pék masing-masing jieun hiji téks biantara anu katangtuanna saperti ieu di handap:	
1.	Témamana pilih salah sahiji
	a. Kaagamaan;
	b. Kaséhatan; jeung
	c. Kabersihan sakola.
2.	Minimal 3 – 4 paragraf
3.	Komponén anu dipeunteun:
	a. Éusi biantara;
	b. Struktur biantara
	c. Gaya basa;
	d. Karapihan; jeung
	e. Éjahan.
	f. Dua jam pelajaran

Gambar 3. 2
Instrumén Soal Pretest

Tés nu kadua *posttest* nya éta ngukur kamampuh siswa sanggeus ngagunakeun modél *Complete Sentence*.

TÉS NULIS TÉKS BIANBARA	
Pék masing-masing jieun hiji téks biantara sacara, kalayan diskusi jeung kelompok anu geus ditangtukeun, katanguanna saperti ieu di handap:	
1.	Témana pilih salah sahiji
	a. Pendidikan;
	b. Olahraga; jeung
	c. perpisahan.
2.	Minimal 3 – 4 paragraf
3.	Komponén anu dipeunteun:
	a. Éusi biantara;
	b. Struktur biantara
	c. Gaya basa;
	d. Karapihan; jeung
	e. Éjahan.
4.	Dua jam pelajaran

Gambar 3. 3
Instrumén Soal Posttest

2. *Complete Sentence*

Complete Sentence mangrupa bagéan anu penting dina ieu panalungtikan, lantaran nganteur siswa dina prosés nyusun téks biantara nu bakal dicangkem ku siswa. Sangkan siswa bisa nyusun téks biantara kalawan bener tur merenah, ieu dihandap mangrupa *treatment* ngeunaan *Complete Sentence*.


a. Paragraf kosong

Wasta :	
Absen :	
Kelas :	
.....	
.....	
.....	
Hadirin anu ku sim kuring dipihormat,	
Langkung ti payun hayu urang sanggakeun puji sinareng	
sukur.....	
.....	
.....	
Dina kasempetan ieu, simpkuring baring ngadugikeun biantara	
perkawis.....	
.....	
.....	
Mung sakitu anu kapihatur, hapunten bilih aya kalepatan.	
Wabillahittaufik wal hidayah.	
Wassalamualaikum Wr. Wb.	

Gambar 3. 4
Instrumén Soal

3.5 Prosedur Panalungtikan

Dina prosedur panalungtikan dipedar ngeunaan léngkah-léngkah ngalaksanakeun panalungtikan sangkan bisa dilaksanakeun kalayan sistematis. Pamarekan nu dipakéna nyaéta pamarekan *kuantitatif* anu ngagunakeun métode kuasi ékspérimén. Baris ditétélakeun dina Gambar 3.5.



Gambar 3. 5
Prosedur Panalungtikan

Sangkan leuwih jéntré, prosedur panalungtikan bakal ditétélakeun di handap.

1) Idéntifikasi Masalah

Saméméh ngalaksanakeun panalungtikan, panalungtik ngayakeun wawancara ka guru basa Sunda SMAN 24 Bandung ngeunaan masalah atawa pasualan anu karandapan di kelas nalika nepikeun bahan ajar nulis téks biantara hususna di kelas XI IPA 1, luyu jeung kurikulum nu dipaké.

2) Ngarumuskeun Masalah

Sanggeus ngaidéntifikasi masalah, panalungtik ngarumuskeun masalah dumasar pasualan anu karandapan ku kelas XI IPA 1 SMAN 24 Bandung.

3) Raraga Tiori.

4) Sanggeus ngarumuskeun masalah, panalungtik ngumpulkeun téori pikeun ngungkulan masalah anu karandapan.

5) Ngarumuskeun Hipotesis.

6) Nyieun Instrumén Panalungtikan.

7) Ngumpulkeun Data

Sanggeus kapanggih masalah anu aya di kelas XI IPA 1 SMAN 24 Bandung taun ajaran 2018/2019, tuluy panalungtikan ka kelas. Fungsina pikeun ngumpulkeun data. Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés. tés dilakukeun dua kali, nyaéta *pra-test* jeung *post-test*. *pra-test* dilakukeun saméméh *treatment*, tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh nulis téks biantara siswa saméméh dilarapkeun modél *Complete Sentence*, sedengkeun *post-test* dilaksanakeun sanggeus *treatment* anu tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh nulis téks biantara siswa sanggeus dilarapkeun modél *Complete Sentence*.

8) Analisis Data

Data nu geus aya nyaéta data *pra-test* jeung *post-test*. Dina ieu tahap, panalungtik miboga pancén pikeun nganalisis data ku cara ngagunakeun rumus-rumus statistik.

9) Kacindekan

Kacindekan miboga eusi tina sakabéh rumusan masalah jeung data anu kakumpul.

3.6 Analisis Data

3.6.1 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data nyaéta kagiatan ngolah data tina hasil panalungtikan. Tujuanna pikeun mikanyaho hasil tina *pra-test* jeung *post-test* sarta pikeun ngajawab masalah-masalah nu karandapan salila panalungtikan.

Léngkah-léngkah pikeun ngolah data di antarana:

1. Mariksa sarta nganalisis hasil tina *pra-test* jeung *post-test*.

Tabel 3. 2
Kriréria Peunteun Siswa

No.	Aspék	Skor	Kritéria
	Eusi Biantara	18 – 20	Sangat baik - sempurna : dina informasi eusina “luyu” jeung téma nu ditangtukeun.
		14 – 17	Cukup – baik : informasi eusina “cukup luyu” jeung téma nu ditangtukeun tapi teu lengkep.
		10 – 13	Sedang – cukup : informasi kawatesanan “kurang luyu” jeung téma nu ditangtukeun.
		7 – 9	Sangat kurang : eweuh eusi informasi atawa pasualan
	Struktur Biantara	18 - 20	Sangat baik – sempurna :gagasan jelas, ekspési lancar, gagasan, katata hadé, urutan logis.
		14 - 17	Cukup – baik : kurang kaorganisir, ide utama kaciri, urutan logis tapi teu lengkep.
		10 - 13	Sedang – cukup : gagasan kacau, kapotong-potong, urutan jeung pangembangan teu logis.
		7 – 9	Sangat kurang : teu kaorganisir, teu layak nilai.
	Gaya Basa	18 - 20	Sangat baik – sempurna : konstruksi kompleks tapi éféktif.
		14 - 17	Cukup – baik : konstruksi sederhana tapi éféktif, aya saeutik kasalahan tapi mknana teu kabur.
		10 - 13	Sedang – cukup : aya kasalahan serius dina kalimah, maknana ngabingungkeun jeung kabur.
		7 – 9	Sangat kurang : loba kasalahan, teu komunikatif, teu layak nilai.
	Karapihan	18 - 20	Sangat baik – sempurna : menguasai aturan penulisan, ngan aya sababaraha kasalahan, tulisan kabaca.
		14 - 17	Cukup – baik : kadang-kadang aya kasalahan tapi teu ngaburkeun makna, tulisan kabaca.
		10 - 13	Sedang – cukup : sering aya kasalahan, tulisan masih kabaca.
		7 – 9	Sangat kurang : teu ngawasa aturan penulisan, tulisan teu kabaca, teu layak nilai.
	Éjahan	18 - 20	Sangat baik - sempurna : menguasai aturan penulisan, ngan aya sababaraha kasalahan éjahan.
		14 - 17	Cukup – baik : kadang-kadang aya kasalahan éjahan tapi teu ngaburkeun makna.
		10 - 13	Sedang – cukup : sering aya kasalahan éjahan, makna ngabingungkeun atawa kabur.
		7 – 9	Sangat kurang : teu ngawasa aturan penulisan, loba kasalahan éjahan, tulisan teu kabaca.

(Hartfield, dkk., 1985:91 dan Nurgiyantoro, 1988: 305-306)

2. Méré peunteun kana hasil jawaban siswa, ku ngagunakeun rumus:

$$p = \frac{\Sigma skor\ siswa}{\Sigma skor\ maksimal} \times 100\%$$

Keterangan:

p = peunteun

Σ skor siswa = jumlah peunteun siswa

Σ skor maksimal = jumlah peunteun maksimal

Tabel 3. 3
Skala Peunteun Nulis Biantara

No.	Skala Peunteun	Skor Maksimum	katégori	Kat.
1.	81 – 100	20	A	Hade pisan
2.	61 – 80	20	B	Hade
3.	41 – 60	20	C	Cukup
4.	21 - 40	20	D	Kurang
5.	0 – 20	20	E	Kurang pisan
Jumlah		100		

3. Ngasupkeun data peunteun *pra-test* jeung *post-test* kana tabél ieu dina Tabel 3.4.

Tabel 3. 4
Format Peunteun Kamampuh Nulis Téks Biantara

No.	NS	Aspék nu dipeunteun					PN	KI
		A	B	C	D	E		
1.								
2.								
Σ								
X								

Keterangan:

- A = eusi biantara
- B = struktur biantara
- C = gaya basa
- D = karapihan
- PN = peunteun
- KI = kategori

3.6.2 Uji Sipat Data

Uji sipat data dina ieu panalungtikan ngawengku uji normalitas jeung uji homogénitas. Uji normalitas tujuanna pikeun ngayakeun pangujian normal henteuna sebaran data anu rék dianalisis. Sedengkeun uji homogénitas tujuanna pikeun mikanyaho homogén atawa henteuna populasi data.

a. Uji Normalitas

Uji normalitas data dilaksanakeun saméméh data diolah dumasar modél-modél panalungtikan. Nurutkeun Sujarwéni (2015, kc.52) uji normalitas tujuanna pikeun mikanyaho distribusi data variabel nu digunakeun dina panalungtikan. Data nu alus pikeun panalungtikan téh bisa ngagunakeun uji normal Kolmogorov-Smirnov. Anapon hipotésis pikeun uji normalitas saperti di handap.

H_0 : Distribusi data normal

H_a : Distribusi data teu normal

Uji normalitas Shapiro Wik, ku taraf 5% ($\alpha = 0,05$) kritéria ngujina saperti ieu di handap.

H_0 : ditarima, lamun nilai sig. (signifikansi) leuwih ti 0,05

H_a : ditolak, lamun nilai sig. (signifikansi) kurang ti 0,05

Pikeun ngalaksanakeun uji normalitas, aya sababaraha léngkah dina aplikasi SPSS nurutkeun (Sujarweni, 2015 kc.53).

- a. Buka file data peunteun siswa, asupkeun kana aplikasi SPSS
- b. Klik *Analyze – Deskriptive Statistik – Deskriptive*
- c. Asupkeun sakabéh *Variable* kana kotak *Test Variable List*
- d. *OK*

3.6.3 Uji Hipotésis

Dina nguji hipotésis aya dua cara anu dipaké. Lamun data hasil uji normalitas nunjukeun yén datana miboga distribusi data normal ngagunakeun statistik paramétris kalawan ngagunakeun t-test. Sedengkeun lamun data hasil uji normalitas nunjukeun yén datana miboga distribusi data teu normal ngagunakeun statistik *non paramétris* kalawan ngagunakeun Uji Wilcoxon.

a. Statistik Parametris

Aya dua cara nguji hipotésis dina statistik parametris nyaéta uji dua pihak (*two tail test*) jeung uji sapihak (*one tail test*)

1) Uji Dua Pihak (*two tail test*)

Dipaké saupama H_0 (*sama dengan*) jeung H_a (*tidak sama dengan*) atawa $t_{\text{hitung}} \leq t_{\text{tabel}} = H_0$ ditarima. Harga t_{hitung} mangrupa harga mutlak jadi teu ditempo (+) jeung (-). Léngkah-léngkahna nyaéta (Sujarweni, 2015 kc. 97)

- a) Data nilai diasupkeun jeung disunting dina data editor
- b) Klik menu *analyze*, pilih *Compare means*
- c) Klik *One Sample T-test*
- d) Asupkeun ngaran *variabel* anu bakal dianalisis dina *test variabel*
- e) Eusian nilai test dina *Test Value*. Default *test value* 0 lamun dina ieu *test*
- f) Klik *Option* pikeun nangtukeun taraf kapercayaan dina analisis (*Confidence Interval*). *Missing value* (data leungit) mangrupa data anu teu dianalisis. *Exclude cases analysis by* analisis jeung *Exclude casses listwise*.
- g) Klik *OK*.

2) Uji Sepihak (*One Tail Test*)

a) Uji Pihak Kiri

Uji pihak kiri saupama $H_0 \geq$ jeung $H_a <$ atawa $t_{\text{hitung}} \leq t_{\text{tabel}} = H_0$ ditarima jeung H_a ditolak. Léngkah-léngkah sarua jeung saacanna.

b) Uji Pihak Kanan

Uji pihak kanan saupama $H_0 \leq$ jeung $H_a >$ atawa $t_{\text{hitung}} \geq t_{\text{tabel}} = H_0$ ditarima jeung H_a ditolak.

b. Statistik Non-Parametris

1) Test Binominal

Test binominal digunakeun pikeun nguji hipotésis lamun dina populasi aya dua kelompok, kelas, datana miboga wanda nimalis jeung jumlah sampelna leutik (Sujarweni, 2015 kc.66)

2) Chi Kuadrat

3) Teknik nu digunakeun pikeun nguji hipotésis lamun dina populasi aya dua kelas atawa leuwih, datana mangrupa nominal jeung sampelna gedé.

4) Uji Wilcoxon

Uji Wilcoxon digunakeun pikeun nangtukeun aya henteuna beda rata-rata dua sampel anu silih pakait. Lamun data sampel tipena interval atawa rasio, sarta distribusi data nuturkeun distribusi normal, bisa dilakukeun uji parametrik pikeun dua sampel *berhubungan*, saperti uji t paired. Tapi lamun salah sahiji sarat éta teu kacumponan nyaéta: data bertipe nominal atawa ordinal, data bertipe interval atawa rasio, tapi distribusina teu normal. Ku kituna uji t paired kudu diganti jeung uji non parametrik anu husus digunakeun pikeun dua sampel anu silih pakait.

